Советон адæм æнæкæрон стыр аргъ кæнынц Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветерантæн æмæ хæстонтæн-интернационалисттæн, абон ма нæ бон сæ хæс бафидын, хорздзинад ракæнын кæмæн у, уыдонæн.

Уæлахизы 45 азы бæрæгбонмæ цæттæ кæнгæйæ, мах ноджы тынгдæр æнкъарæм йе стыр ахадындзинад, нæ зæрдæмæ тынгдæр хъары Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджытæ æмæ хæстонты - интернационалисттæ сгуыхтдзинад Райгуырæн бæстæ æмæ адæмы сæрапонд. Уыдон сты ныфсджын, хъæбатыр сыгъдæг зæрдæ æмæ фæллойуарзаг адæм.

Фæлæ астæ цæуынц. Не 'хсæн къаддæрæй-къаддæр кæнынц ветерантæ. Уымæ гæсгæ не 'ппæты хæс у уыдоны цардмæ фылдæр æргом аздахын, тынгдæр сыл аудын, нæ зæрдæты хъармæй сæ барæвдауын. Уыцы нысанимæ арæзтадон управлени «Цæгирарæзтад»-ы коллектив араза бæлвырд мадзæлттæ.

Махмæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджытæ æмæ хæстонтæ-интернационалисттæ ис 101. Се 'ппæтæн дæр ис æмбæлгæ цæрæнуæттæ. Рынчынтæн дæттæм путевкæтæ санаторитæм æмæ фæлладуадзæн хæдзæрттæм, æххуыс сын кæнæм æхцайæ. Фæлæ нырма горæт Орджоникидзейы фатер райсынмæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджытæй рады лæууы 286. Уый нымайгæйæ, арæзтадон управлени «Цæгирарæзтад»-ы фæллойадон коллективæ бауынаффæ кодтой: ацы аз арæзт фæуæм 40 фатерон хæдзар. Уым махмæ хауы цыппар фатеры æмæ сæ ратдзыстæм хæсты архайджытæн æмæ хæстонтæн-интернационалисттæн; алы аз дæр, сæрды Сау денджызы былгæрон нæ фæлладуадзæн базæмæ æмæ ногдзауты лагермæ 10 путевкæйы дæтдзыстæм хæсты архайджытæ æмæ сæ бинонты уæнгтæй хи машинатæ кæмæ ис, уыдонæн æххуыс кæндзыстæм сæ цалцæг кæнынæн; нæ организацийы сæ телефонтæ ис, уыдонæй æртæ номыры ратдзыстæм хæсты архайджытæн æмæ инвалидтæн, цæмæй сын сæ телефонтæ станцæ сæвæра сæ фатерты; цæмæй нæ республикæйы сæйраг горæт хъахъхъæнджытæ мыггагмæ рох ма уой, уый нысанимæ нæхимæ исæм хæс 11-æм микрорайоны «Æнæбасæттæ дот» æмæ НКВД-йы дивизийы номыл уынг фæзминаг уавæры дарын, æдзухдæр сыгъдæг, фæлгонцгонд куыд уой, уыл архайын.

# САБЫРДЗИНАД — ДЗЫЛЛÆТЫ БÆЛЛИЦ

## АРФÆЙАГ ХЪУЫДДÆГТÆ

Уæлахизы 45 азы бæрæгбоны агъоммæ республикæйы æмæ горæт Орджоникидзейы хæсты æмæ фæллойы ветеранты Советтæ, Сабырдзинады Советон фонды республикон хайад фæсидтысты нæ буц хистæртæм — ветерантæм, Цæгат Ирыстоны æппæт цæрджытæм. Сидты нысан: фæтыхджындæр кæнæм сабырдзинадыл тох, бацархайæм, сабырдзинады адæмон æхцадон фæхъæздыг кæныныл. Уымæн фæахъаз уыдзысты «Сабырдзинады вахтæтæ», хицæн адæймæгтæ йæм цы фæрæзтæ бахæссой, уыдон.

Сабырдзинады Советон фонд арæзт куы 'рцыд, уæдæй фæстæмæ йæ фидардæр æмæ зæрдæдарæгдæр æнцой сты ветерантæ. Уыдоны æвæллайгæ патриотон куысты фæрцы фонд ссис адæмы зæрдæйæн хæстæг, хæрзгæнæг æрганизаци. Милуангай советон адæймæгтæ, сæ арфæйаг бæллицтæ сæххæст кæнынмæ тыригъæд, сарæзтой нæ иумæйаг фонд — сабырдзинадыл тохы, дунеон æмзæрдæдзинад æмæ æмгуыстдзинады фонд.

Хæсты æмæ фæллойы ветеранты Æппæтцæдисон Совет, фонды æвæрæнтæ фылдæр кæныныл чи архайы, уыдоны хъæппæрис хынцгæйæ, тырны йе 'ппæт архайдæр рацарæзты домæнты быдырыл сæвæрынмæ. Стыр æргом аздæхта социалон фарстатæ лыг кæнынмæ. Уый адыл нысан кæны æмæ араза ахадгæ мадзæлттæ.

Æрмæст 1989 азы Сабырдзинады Советон фонд йæ социалон программæтæ царды рауадзыныл схардз кодта 154 милуан сомæй фылдæр. Уыдонæй 50 милуан сомы лæвæрд æрцыдысты, чысыл пенситæ чи исы, уыдонæн сæ фæфылдæр кæнынæн, 23 милуан сомы та схардз кодтой, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты инвалидты госпитæлты йæхи чи дзæбæх кæны, уыдонæн хостыл æмæ хæринагыл, 26 милуан сомы баиста, йæ хæдзары иунæгæй, æвæгæсгæй царæт хистær ветеранты, 12 милуан сомæй фылдæр радтой, Райгуырæн бæстæ хъахъхъæнгæйæ чи фæмард, уыдоны ныййарджытæн, стæй чысылæй фæстæмæ инвалид чи у, уыдоны царды уавæртæ фæхуыздæр кæнынæн.

1990 азы куыд нысангонд æрцыд, афтæмæй Сабырдзинады фонды фæрæзтæй социалон программæ сæххæст кæныныл хардзгонд æрцæудзæн 100 милуан сомæй фылдæр.

Цымæ уыдонæй нæ республикæмæ цы 'рхаудзæн? 218,6 мин сомы. Уыдонæй 182 мин сомы ратдзысты социалон æххуысады министрадæн, уæлæмхасæн хæрдзты хуызы: иунæгæй цæрджытæн, æвæрæсæг хистærтæн, стæй хæстон службæгæнджыты ныййарджытæй кусынхъом чи нæу, уыдонæн æмæ сæ сидзæргæстæй медицинон æххуысæн, сæ цардыуаджытæ сын фæхуыздæр кæнынæн. 17,6 син сомы — Сырх Дзуары æхсæнадæн æмæ 19 мин сомы Æнæниздзинад хъахъхъæнæны министрадæн. Уыцы организацитæ куыд хъусын кæнынц, афтæмæй æппæт уыцы фæрæзтæ æмбæлынц сæ нысаныл.

Хæсты æмæ фæллойы ветеранты сидты нысангонд цæуы «Сабырдзинады вахтæ» æмæ «Зæрдылдарыны вахтæ» саразын. Уыцы бонты адæм цы фæрæзтæ бакусой, уыдон хардзгонд æрцæудзысты хæсты ветеранты царды уавæртæ фæхуыздæр кæнынæн, се 'ннæниздзинадыл сын аудыны бæлвырд программæйыл, стæй Æппæтцæдисон зæрдылдарæн чиныг мыхуыры рауадзынын.

**ДЫГУРЫ Никъэла,**
**Сабырдзинæды Советон фонды Цæгат Ирыстоны хайады правленийы сæрдары хæдивæр.**

## АРАЗДЖЫТЫ ДЗУАПП

Араздæхты управлени «Цæгирарæзтад»-ы коллектив æхсызгонæй сæмбæлдысты республикæйы æмæ горæт Орджоникидзейы хæсты æмæ фæллойы ветеранты советты æмæ Сабырдзинады Советон фонды хайады сидтыл. Æркастысты сæ фадæттæм æмæ рахастой уынаффæ. Уым фыст ис:

Советон адæм æнæкæрон стыр аргъ кæнынц Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветерантæн æмæ хæстонтæн-интернационалисттæн, абон ма нæ бон сæ хæс бафидын, хорздзинад ракæнын кæмæн у, уыдонæн.

Уæлахизы 45 азы бæрæгбонмæ цæттæ кæнгæйæ, мах ноджы тынгдæр æнкъарæм йе стыр ахадындзинад, нæ зæрдæмæ тынгдæр хъары Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджытæ æмæ хæстонты - интернационалисттæ сгуыхтдзинад Райгуырæн бæстæ æмæ адæмы сæрапонд. Уыдон сты ныфсджын, хъæбатыр сыгъдæг зæрдæ æмæ фæллойуарзаг адæм.

Фæлæ астæ цæуынц. Не 'хсæн къаддæрæй-къаддæр кæнынц ветерантæ. Уымæ гæсгæ не 'ппæты хæс у уыдоны цардмæ фылдæр æргом аздахын, тынгдæр сыл аудын, нæ зæрдæты хъармæй сæ барæвдауын. Уыцы нысанимæ арæзтадон управлени «Цæгирарæзтад»-ы коллектив араза бæлвырд мадзæлттæ.

Махмæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджытæ æмæ хæстонтæ-интернационалисттæ ис 101. Се 'ппæтæн дæр ис æмбæлгæ цæрæнуæттæ. Рынчынтæн дæттæм путевкæтæ санаторитæм æмæ фæлладуадзæн хæдзæрттæм, æххуыс сын кæнæм æхцайæ. Фæлæ нырма горæт Орджоникидзейы фатер райсынмæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджытæй рады лæууы 286. Уый нымайгæйæ, арæзтадон управлени «Цæгирарæзтад»-ы фæллойадон коллективæ бауынаффæ кодтой: ацы аз арæзт фæуæм 40 фатерон хæдзар. Уым махмæ хауы цыппар фатеры æмæ сæ ратдзыстæм хæсты архайджытæн æмæ хæстонтæн-интернационалисттæн; алы аз дæр, сæрды Сау денджызы былгæрон нæ фæлладуадзæн базæмæ æмæ ногдзауты лагермæ 10 путевкæйы дæтдзыстæм хæсты архайджытæ æмæ сæ бинонты уæнгтæй хи машинатæ кæмæ ис, уыдонæн æххуыс кæндзыстæм сæ цалцæг кæнынæн; нæ организацийы сæ телефонтæ ис, уыдонæй æртæ номыры ратдзыстæм хæсты архайджытæн æмæ инвалидтæн, цæмæй сын сæ телефонтæ станцæ сæвæра сæ фатерты; цæмæй нæ республикæйы сæйраг горæт хъахъхъæнджытæ мыггагмæ рох ма уой, уый нысанимæ нæхимæ исæм хæс 11-æм микрорайоны «Æнæбасæттæ дот» æмæ НКВД-йы дивизийы номыл уынг фæзминаг уавæры дарын, æдзухдæр сыгъдæг, фæлгонцгонд куыд уой, уыл архайын.

# ХЪАЗАХЪХЪÆГТЫ ÆМБЫРД

Æрæджы уыдис Терчы хъазахъхъæгты Владикавказы зылды уæрæх æмбырд. Байгом æй кодта Терчы хъазахъхъæгты атаман Советон Цæдисы Хъæбатыр Василий Коняхин. Æмбырд æрныхас кодта, зылды правленийы уæнгтæй кæуыл цы хæстæ ис, уыдоны, стæй фыццаградон организацион-æхсæнадон мадзæлтты пъланы тыххæй. Докладтæ дзы скодтой атаманы хæдивæг А. П. Митин æмæ правленийы пъисыр Н. А. Машуков.

Доклады фæдыл ныхас кæнгæйæ, правленийы æмбырды радзырдтой: атаманы хæдивæг, отставкæйы контр-адмирал Цæллагты П. К., правленийы уæнгтæ Дзопойты Ю. К., Н. А. Левченко, Д. М. Калиниченко, А. В. Исаенко æмæ уазджытæ: Луковскалайы станицæйы адæмон депутаты Советы æххæсткомы сæрдар А. А. Мазина, Æрыдоны хъазахъхъар зарджыты къорды разамонæг Е. Х. Хаустова.

Правленийы æмбырд рахаста уынаффæ: апрелы Цæгат Ирыстоны æппæт хъæуты æмæ горæты арæзт æрцæуæд станицæты цæрджыты сходтæ, хъазахъхъар æхсæнады райдиан организацитæ. Равзарын хъæуы атамантæ æмæ правленитæ уæнгтæ. Номхыгъд арæзт æрцæуæд æппæт хъазахъхъæгтæ æмæ сæ бинонты уæнгтыл. Алы ран дæр рапарахат кæнæм æмбарын кæныны куыст Терчы хъазахъхъæгты æхсæнады нысантæ æмæ хæсты тыххæй: уый у дзыллон патриотон æмæ интернационалон организаци, лæууы социализмы æмæ демократийы позицытыл, разæнгардæй архайдзæн революцион, хæстон æмæ фæллойадон традицитæ æмæ хъазахъхъар адæмы æгъдæуттæ фæстæмæ сиот кæныныл. Йæ сæйрагдæр хæстæй иу у фæсивæды Фыдыбæстæйы æмæ нефедæров хæсыл иузæрдион уæвыны, фæллой æмæ зæхх уарзыны, хистæртæн, адæмы хæлардзинадæн аргъ кæныны уагыл хъомыл кæныны.

Докладты æмæ раныхæсты амынд цыдис, зæгъгæ, хæстæгдæр бонты бацархайын хъæуы æхсæнады мыхуыры орган — газет «Терский Казак» рауадзыныл, стæй Терчы хъазахъхъæгты музей байгом кæныныл, горæт Орджоникидзейы Терчы хъазахъхъæгты республикон зарджыты къорд сарæзыныл. Раныхасгæнджытæ бацамыдтой, зæгъгæ, æнæмæнг фидар организацион фæткыл æмæ дзыллон-политикон æгъдауæй 1990 азы 17 апрелы нывыл арвитын хъæуы, 1918—1921 азты Терчы хъазахъхъæгтæй æмæ сæ бинонтæй æнæхъæбысæй фыдмитæ кæмæн бакодтой, сæ райгуырæн бынæттæй кæй фæтардтой, дзыллон æфхæрды чи бахауд, уыдоны Мысæн бон. Уыцы бон нымад æрцæуæд хъазахъхъæгты ныхмæ æвирхъау тыхмийы боныл — геноцидыл, æмæ ССР Цæдисы Сæйраг Советæй ракурæм, цæмæй Терчы хъазахъхъæгтæ политикон æгъдауæй растонд æрцæуой. Æмбырды иккой бæттæны Терчы хъазахъхъæгты Владикавказы зылды атаман В. Д. Коняхин радзырдта Уæлахизы 45 азы бæрæгбоймæ цæттæ кæныны хæсты тыххæй. Æнæмæнг, разæнгардæй архайын хъæуы, бынæттон партион æмæ советон органтæ уыцы бæрæгбоны кадæн цы мадзæлттæ аразынц, уыдоны. Алы ран дæр аразын хъæуы беседатæ, лекцитæ, докладтæ, Терчы хъазахъхъæгтæ фашистон Германы фæуæлахизмæ цы бавæрæн бахастой, фыдыбæстæйы Стыр хæсты цы сгуыхтдзинадтæ равдыстой, уыдоны тыххæй. Ахæм æрмæджытæ хъуамæ мыхуыргонд æрцæуой дзыллон информацийы фæрæзты дæр.

Фидæны музейæн æрæмбырд кæнын хъæуы историон документтæ, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты уæвджыты мысинæгтæ. Хъуамæ не 'ххуысы хай бахæссæм чингуытæ «Ирыстоны фыртæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты» æмæ мемориалон чиныг «Зæрдылдарæн» рауадзыны хъуыддагмæ.

Атаман ма бахаста ахæм фæндон: 1990 азы 9 майы горæт Орджоникидзейы Уæлахизы Парады хъуамæ архайой хъазахъхъар барджытæ, сæ уæлæ Терчы хъазахъхъæгты дарæс куыд уа, афтæмæй.

**В. ПРИХОДЬКО,**
**отставкæйы булкъон.**

Горæт Орджоникидзейы прибортæ аразæн заводы æртыккæгæм цехы цæттæ кæнынц егъау сахæттæ æмæ сæ æрвитынц нæ бæстæйы бирæ районтæм. Цехы сæрæндæр кусджытимæ сты æмбырдгæнджытæ Баймæтаты Серафимæ æмæ Къæбулты Любæ. Сæ боны хæслæвæрдтæ ахицæн кæнынц 140—150 процентæй.

**КЪАМЫ: БАЙМÆТАТЫ Серафимæ æмæ КЪÆБУЛТЫ Любæ сæ кусты.**
**КЪÆБЫСТЫ Х. нст къам.**

АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД — АДÆМЫ ХÆЗНА

# НЕПТУН ЦÆМÆН? ДОНБЕТТЫР!..

**(Кæрон. Райдайæн 71 номыры).**

**Æфсати** — сноп сырдты æмæ цуангæныны бардуаг. Йæ бадæн бынат Адайы хохыл — Зæрæмæг, Цъæй æмæ Ручъы æхсæн хох. Æфсатийæн ис фырт — **Будзумар.**

**Тутыр** — бирæгъты бардуаг. Фыййæуттæ йæм-ну куывтой, цæмæй сын сæ дзуттæ бирæгътæй бахъахъхъæна.

**Хуыдзыры** — Æфсатийы кæстæр æфсымæр, æрсыты æмæ хъæддаг хуыты бардуаг.

**Бынаты хицау** — бынаты, хæдзары бардуаг.

**Сафа** — артдзæсты, уæларт рæхысы, цыргъаджы æмæ бинонты царды бардуаг. Рæхыс фыццаг уый сарæзта æмæ йæ арвæй адæммæ æрæппæрста. Сафайы (къонайы) рæхысимæ баст уыд бинонты фарн, сæ амонд. Уымæ гæсгæ ирон адæммæ уыд табугонд. Искæй Сафайы рæхыс аххæрæгæй рафтауын æмæ йæ нызызыгъуытт кæнынæй æфхæрддæр хъуыддаг нæ уыд ирон адæммæ.

**Æртхурон** — къонайы арты бардуаг. Бастдзинад дары Арт æмæ Хуримæ.

**Сæры зæд** — къонайы рæхысы сæрмæ ауыдзæн уæлæнддæджы (хæдзары астæуккаг аххæрæджы) бардуаг. Аивгонд-ну уыд хæдзарон æмæ хъæддаг цæрæгойты сыныатæй. Уыл-ну бафæдзæхстой ног чындзы, бафидар-ну ныл кодтой сæрзæды хæцынл.

**Наф** — хæдзарвæндаджы бардуаг. Стыр куывдтæ йын кодтой уалдзæджы.

**Ичъына** — бинонтæ фылдæр кæныны бардуаг. Куывдтæ йын кодтой, афæдзы дæргъы-ну кæуыл бафтыд, уыцы бинонтæ бафæлыд.

**Ныхы дзуар** — къайады бардуаг. Чызджытæ дзы фæагурынц хорз мойаг. Чындзджонмæ-ну исчи куы фæмæсты, уæд карздæр æлгъыст уыд: «Фыдныхы дзуар фæхæсс!» Ома, дæ къайадæй мацы рауæвæд.

**Мадымайрæм** — вæндоны дæр. Куывтой йæм сабыр æмæ лæгъз ныхасæй, табу дын, табу, рухс Аларды, зæгъгæ. Уымæн æмæ хæцгæ низæй, уæлдайдæр та дзуарæй арæх цагъды кодтой сæ сабитæ.

**Рыны бардуаг** — хæцгæ низты бардуаг.

**Уасхо** — фидыды, хæлардзинадмæ тырныны, туджджыны, хъаугъаты бардуаг. Уымæй-ну ард чи бахордта, уый йæ ныхас нæ сайдта.

**Тæтæртупп** — дард бæлццæтты æмæ быдырдзауты бардуаг.

**Никкола** — быдыры бардуаг.

**Куырдæлæгон** — уæларвон куырд, куырдадзы бардуаг. (Бердзенты мифологийы Гефест). Зевс Гефестæн бахæс кодта Прометейы Скифты (Кавказы) хæхтыл æфсæн рæхыстæй ныббæттын. Куырдалæгон нартæн балæвар кодта гутон. Æртæхы сæм уæларвæй. Тæхыны размæ абады цæхæр уады хъисыл æмæ атæхы раст ракетæйыл тæхæгау. Байсæрыдта Нарты Батрадз æмæ Сосланы. Хæцæнгæрзтæ аразы зæдтæ æмæ дауджытæн, Нартæн, мæрдты бæстæйы дауджытæн. Йæ арæзт хæцæнгæрзтæй уæлдай диссагдæр сты:

**Церечы залдзæг** (згъæр хæдон), Хæсты коймæ-иу йæхæдæг йæ хицауы уæлæ фестад. Фат дзы нæ хызт, кард æй нæ карста.

**Бидасы тахъа** (згъæр худ). Уый дæр-ну хæсты коймæ йæхæдæг абадт хæстоны сæрыл. Уым дæр фат нæ хызт, кард æй нæ карста.

**Удæвдз** — диссаджы уадындз, йæхæдæг йæхи æгъдауæй алы зардиытæ чи кодта, ахæм (абоны магнитофоны миниуджытæ). Куырдалæгон уыд Æхсар æмæ Æхсарæвджы номæвæрæг «Номæвæрæджы дæваræн Куырдалæгон радта Уæрхæгæн (ноггуырды фыдæн), удæвдз йæ куырдадзы фæтыгæй, болат æндоныл арæзт, — фыст ис Нарты кадджыты, — Удæвдз нарт сæваердтой сæ фынгыл, æмæ сын кодта диссаджы хæлар. кæны фурдтæ æмæ денджызтæ. Йæ байзæддаг хуыйнынц донбеттыртæ. Нартимæ сын ис тугхæстæгдзинад. Дзерассæ у Донбеттыртæй. Хæмыцы ус Быценоны фыдæлтæ дæр сты Донбеттыртæй. Йæ чыздæгтæ — доны чыздæгтæ цæрынц цæугæдæтты дæр.

**Гæтæр** — цæугæдæтты æмæ суадæтты бардуаг. Нартæн балæвар кодта доны куырой, у Нарты Сырдоны фыд.

**Кæфты - Сæр - Хуыйæндон** — кæфты, кæсæгты, кæсагахсджыты бардуаг. Ирон адæмы фыдæлтæ кæддæр Сау денджызы был цардысты æмæ сæм кæсаджы куыстад стыр бынат ахста. Денджызы был сæ горæты ном Пантикапей (абоны Керчь) дæр ирон æвзагмæ раиртæйæ амоны Кæфты фæндагæн.

**Бараcтыр** — Мæрдты бæстæйы бардуаг. (Бердзенты мифологийы — Зевсы æфсымæр Аид). Паддзахиуæг кæны æртыккаг дунейы — Мæрдты бæстæйы (Фыццаджы — Стыр Хуыцау, дыккаг — фурдтæ æмæ денжызты — Донбеттыр). Мæрдты бæстæйы цыдæриддæр цæуы, уый — Барастыры барвæндæй. Цæры дзæнæты. **Дзæнæты** цъæх нæууыл хъазынц, дзурын рæстмæ чи нæма базыдта, йæ хæдон æмæ хæлаф кæрæдзийæ чи нæма хицæн кодта, ахæм æдзард, æнахъом æмæ æнæлаз сабитæ. Низтæ сурын æмæ мард æгас кæныны тых кæмæ ис, уыцы бæлас — **Аза-бæлас** дæр зайы Дзæнæты. Мæрдты бæстæйы царды уаварттæ тынг хорз амынд цæуынц кадджы «Сослан мæрдты бæсты».

**Аминон** — Мæрдты бæстæмæ бахизæны дуаргæс (Бердзентæм Харон). Уый мæрдты къæсæрыл сæмбæлы, чи амæлы, уыдоныл, æрвиты сæ; уæлæуыл хорз хъуыддæгтæ чи нывуагъта, уыдоны — Дзæнæтмæ; æвзæры, фыд адæймаджы та — зындонмæ. Мæрдты бæстæйы къæсæрæй чи бахиза, уымæн фæсаву бæхыл, дары сау дарæс æмæ сау хæцæнгæрзтæ. У ма сау хъуыддæгтæ кæнæгабырджыты, тыхгæнджыты бардуаг дæр. Ардауы сæ цуанæттыл, хъæддзаутыл.

**Хъæдох** — хъæды бардуаг. (Уырысмæ — Леший). Иудадзыг хъæды кæны «ох». Адæймаджы сайы хъæды арфмæ, тас æфтауы, хъæды чи фæдзæгъæл вæййы, уыдоныл.

**Хъæндзæргæс** — авдсæрон маргъ, тæхы зæхх æмæ доны сæрты, у адæмæн фыдгæнæг.

**Кæфхъуындар** — доны ныббады, бацауазы йæ æмæ адæм сæхæдæг, сæ фос æмæ хуымтæ æнæдонæй бынсæфтмæ æрцæуынц.

**Кадзинтæ** — дæлимонтæ, цæрынц доны æмæ зæххы бын.

**Хæдтæхгæ Пакъуындзæ** — хæрам тых хæссæг дуаг.

**Залиаг калм** — залым, кæны тæхгæ (Уырысмæ — дракон).

**Руймон** — калмæнгæс дæлимон, фыдцъылыс. Райгуыры саг кæнæ сæгъæй. Хæры алцыдæр. Цалынмæ йæ цæстæй нæ ракæсы, уæдмæ йæ Уацилла рæхысыл ахæссы арвмæ. Адæмы дзы фервæзын кæны. Зæгъгæ, уый йæ цæстытæй зæххыл ракаст, уæд адæмыл туг нывуарид. Æрмæст йæ райгуырд дæр сын стыр фыдбылызтæ æрхæссы.

**Артъауыз (Самела)** — адæмы 'хсæн хæрам тауæг бардуаг. Уый тыххæй йæ Хуыцауы фæндонмæ гæсгæ Уацилла æфсæн загæлтæй ныххуыдта Мæйыл. Артъауызæн ма бантыст йæ дыуæ армы дзаг хуыртæ фелвасын, зæхмæ сæ ракалдта æмæ загъта: «Уым цал муры ис, уал змæлæджы фестут, баззайут зæххон адæмæн фыдбылызæн». Æмæ фестадысты нæлмытæ, бындзытæ, хъæндилтæ. «Артъауыз куы раирвæза, уæд адæмы бахæрдзæн» — афтæ хъуыды кодтой нæ фыдæлтæ æмæ, цæмæй ма раирвæза, уый тыххæй алы куырд дæр уæлдай цæф кодта йæ хъæсдарæг. Артъауыз æндæрг хорз фæзыны цалхыдзаг мæйыл, æмæ адæймагыл тас æфтауы.

**Пилтхор** — зæххы зайæнцъар хæры, дзармæй йæ ны хъхъуыры, æмæ зæххæн йæ бон тыллæг дæттын нал вæййы.

**Хæрæнхуаг** — адæмы цæрдудæй ныхъхъуырæг дæлимон.

**Балсæджы (Ойноны)** цалх — тыхджын улгоймаг, цалхы хуызы, цард уæларвы. Фыдхæссæг. Сосланы марæг.

**Хъомрын** — стурвосы рыны бардуаг.

Ирон мифологийы сæрмагонд бынат ахсынц бæхимæ баст кадджытæ. Бæх кадæджы хъæбатырæн у йæ хæстон æмбал, бирæ хатт йæ зондамонæг дæр. У зонынджын. Дзуры адæмы æвзагæй.

**Æрфæн** — Нарты хистæр Уырызмæджы æмбисонды бæх. Уый у зæххон бæхты фыдæл. Арвыл ныууагъта йæ фæд — Арвыл цы стъалыты лæзгъæр ис, уый ирон адæм хонынц «Æрфæны фæд». Æндæр таурæгъ та амоны афтæ: саг æмæ къамбец фæбыцæу сты, арвæн йæ иу кæронæй иннæ кæронмæ чи тагъддæр бахæццæ уыдзæн, зæгъгæ. Саг тых-уайгæйæ: Ома, сабырæй арвы астæумæ куы бахæццæ, уæд фырфæлладæй йæ мидбынаты æрхауд æмæ æрбамард. Уым аскъуыд йæ фæд. Къамбец арвы кæронмæ сабыргай бацыд. Йæ фæд дæр зыны фæтæн æмæ æнаскъуынгæйæ; Ома, сабырæй цы бакæнай, уый тагъдæй дæ къухы нæ бафтдзæн.

**Дур-Дура** — Нарты Хæмыцы бæх.

**Æфсургъ** — тæхгæ æмæ æвæллайгæ, æвæлмæцгæ бæх. (Бердзентæм — Пегас, Гуырдзымæ — Мерани).

**Аласа** — чысыл уæвгæйæ хъаруджын бæхы мыггаг. (Уырысмæ — Конек-Горбунок).

**Дзында-аласа** — æлдар, сыгъзæринхуыз аласа.

**Силæм** — зæххон куыйты фыдæл.

Артъауыз æндæрг хорз фæзыны цалхыдзаг мæйыл, æмæ адæймагыл тас æфтауы.

**Пилтхор** — зæххы зайæнцъар хæры, дзармæй йæ ны хъхъуыры, æмæ зæххæн йæ бон тыллæг дæттын нал вæййы.

**Хæрæнхуаг** — адæмы цæрдудæй ныхъхъуырæг дæлимон.

**Балсæджы (Ойноны)** цалх — тыхджын улгоймаг, цалхы хуызы, цард уæларвы. Фыдхæссæг. Сосланы марæг.

**Хъомрын** — стурвосы рыны бардуаг.

Ирон мифологийы сæрмагонд бынат ахсынц бæхимæ баст кадджытæ. Бæх кадæджы хъæбатырæн у йæ хæстон æмбал, бирæ хатт йæ зондамонæг дæр. У зонынджын. Дзуры адæмы æвзагæй.

**Æрфæн** — Нарты хистæр Уырызмæджы æмбисонды бæх. Уый у зæххон бæхты фыдæл. Арвыл ныууагъта йæ фæд — Арвыл цы стъалыты лæзгъæр ис, уый ирон адæм хонынц «Æрфæны фæд». Æндæр таурæгъ та амоны афтæ: саг æмæ къамбец фæбыцæу сты, арвæн йæ иу кæронæй иннæ кæронмæ чи тагъддæр бахæццæ уыдзæн, зæгъгæ. Саг тых-уайгæйæ: Ома, сабырæй арвы астæумæ куы бахæццæ, уæд фырфæлладæй йæ мидбынаты æрхауд æмæ æрбамард. Уым аскъуыд йæ фæд. Къамбец арвы кæронмæ сабыргай бацыд. Йæ фæд дæр зыны фæтæн æмæ æнаскъуынгæйæ; Ома, сабырæй цы бакæнай, уый тагъдæй дæ къухы нæ бафтдзæн.

**Дур-Дура** — Нарты Хæмыцы бæх.

**Æфсургъ** — тæхгæ æмæ æвæллайгæ, æвæлмæцгæ бæх. (Бердзентæм — Пегас, Гуырдзымæ — Мерани).

**Аласа** — чысыл уæвгæйæ хъаруджын бæхы мыггаг. (Уырысмæ — Конек-Горбунок).

**Дзында-аласа** — æлдар, сыгъзæринхуыз аласа.

**Силæм** — зæххон куыйты фыдæл.

Ацы къам ист у Ленинграды музейы фондтæй. КЪамы сты рауагъдад «Зонынад»-ы литературæ æмæ аивады архайджыты Мæскуыйы къорды уæнгтæ (галиуæрдыгæй рахизæрдæм): С. Г. СКИТАЛЕЦ (Петров), Л. Н. АНДРЕЕВ, А. М. ГОРЬКИЙ, Н. Д. ТЕЛЕШОВ, Ф. И. ШАЛЯПИН, А. И. БУНИН æмæ Е. Н. ЧИРИКОВ.

Н. БАРАНОВЫ репродукци, СЦТА-йы фотохроникæ.

# УЫДОНЫ ХАЛ АХÆРУТ

Республикæйы Статистикон управленийы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, Цæгат Ирыстоны, рæстæмбис нымадæй, адæймаг цæры 70 азы.

Фæлæ нæм чысыл нæй, бирæ фæцæр, зæгъгæ, уыцы куывд кæуыл æрцыд, ахæмтæ. Нæ республикæйы 100 азæй фылдæр цæуы 369 адæймагыл. Уыдонæй нæлгоймæгтæ — 59, сылгоймæгтæ — 310.

Алагиры районы Хæтæлдоны хъæуы цæрджытæ Базыраты Лубæ æмæ Джелыты Лескайыл сæххæст фæйнæ 105 азы. Зынцъайрæг Дзобаты Софæ æрæджы сбæрæг кодта йæ 113 азы, Суададжыхъæуккаг Брытънаты Фаткæ та — 118 азы. Рахизфарсы районы Бруты цæрæг Гæбæраты Къостайæн дæр йæ 118 азы йæхи фестыты...

Нæ уацхæссæг бафарста хæтæлдойнаг æрæнд устыты: нæ буц хистæртæ, куыт уæм кæсы, цæй фæрцы ас тæ бирæ цæрут? Æмæ сæ ну дæр афтæ нæ загъта, мæнæ диссаджы хорз цард фæкодтам, æмæ уый фæрцы. Сæйрагдæр «аххосагыл» нымайынц фæллой кæныи. Стæй, дам, нæхи хъахъхъæдтам фыдхæрдæй, нæхи, дам; хъуаг нæ уагътам, хæрынæн бæзгæ зайæг халæй, ома, хордтой гæнгæлы; дзындзалæг, сæнк, кæрог. Цымдтой битъынайы цай.

Гъемæ, хорз адæм, сымах дæр уыдоны хал ахæрут!

**Нæ уацхæссæг.**

# БУЗНЫГ, МÆ АХУЫРГÆНÆГ!

Фыццаг хатт фыссын «Рæстдзинад»-мæ. Тынг æхсызгонæй фæкæсын, ирон æвзаджы тыххæй дзы цы æрмæджытæ вæййы, уыдон. Стæй ирон адæмы цард æмæ æгъдæутты тыххæй. Мæ райгуырæн хъæу у Ставд Дуртæ. Æнæкæрон бирæ йæ уарзын, йæ адæм мæ зæрдæмæ сты тынг хæстæг.

Никуы рох кæнын мæ ахуыргæнджытæ Гæрæкуыты Ерыстауы, Дзугкойты Осмæны, Гноты Валяйы, Хъуылаты Заретæйы, Золойты Валодяйы, Таболты Мариялы. Уæздан æмæ хæрзæгъдау. Ахæм ахуыргæнджыты раз æнæгъдау ахуырдзау уæвæн не уыдис. Уæд ныр не сконламæ æрæрвыстой ирон æвзаг æмæ литературæйы æрыгон ахуыргæнæг Калоты Ирæйы. Мах Ирæйы рухы базыдтам, куыд аив æмæ хъæздыг у ирон æвзаг. Алкæддæр æнхъæлмæ кастыстæм ирон литературæйы уроктæм. Абон дæр мæ нæ рох кæны: мах бадæм, Ирæ дауры Плиты Хадойы «Сæлимæт». Иу сыбырт нæ хъуысы.

Тынг дис фæкæныи, ныртæккæ, ирон æвзагæй, ирон æвзаг ахуыр кæныи кæй нæ фæфæнды, уыцы скъоладзаутыл. Тынг нымайын æмæ уарзын уырыссаг æвзаг. Фæлæ æз ирон адæймагимæ даурын æрмæст ирон æвзагыл.

Калоты Ирæ ныртæккæ ды паспортист.

# БАРЫКИНЫ КОНЦЕРТТÆ

Дунеон æмæ Æппæтцæдисон конкурсты лауреат, зындгонд зарæггæнæг æмæ композитор Александр Барыкин цалдæр боны уыдис горат Мæздæджы аивадуарзджыты уазæг. Районы Культурæйы галуаны йын цы концерттæ уыд, уыдоныл æхсызгонæй сæмбæлдысты горæты æмæ æвахс хъæуты сæдæгай фæллойгæнджытæ.

Аивадуарзджытæ сæ зынаргъ уазæгæн йæ концерты мидисджын программæйы тыххæй ракодтой зæрдиаг арфæтæ.

КÆСУТ ÆМÆ ХЪУСУТ

## Телеуынынад

**БЫНÆТТОН ПРОГРАММÆ 13 АПРЕЛЬ. МАЙРÆМБОН**

18.20 — Ирыстон абон. 18.40 — «Ныхас». Поэт, драматург, критик Дзыккайты Шамил. 19.30 — Ирыстон абон. 20.00 — ЦТ. «Хæрзæхсæв, сабитæ». 20.15 — СЦКП-йы XXVIII съезды агъоммæ. «Коммунист æмæ рæстæг». Ныхас кæнæм СЦКП-йы ЦК-йы Платформæйы проекты. Лæвæрд цæуы комкоммæ. 21.00 — ЦТ.

**14 АПРЕЛЬ. САБАТ**

17.00 — А. Галин. «Крыша». Цæгат Кавказы хæххон - металлургон институты студенты театры спектакль. 18.25 — «Семейная драма». Цæгат Ирыстоны телеуынынады аивадон киноныв. 19.15 — «А-ло-лай». Аргъау. 19.30 — Ирыстон абон. 20.00 — ЦТ. «Хæрзæхсæв, сабитæ». 20.15 — «Адæмон курдиатæ». Вокалон-инструментон ансамбль «Суадон». 21.00 — ЦТ.

**15 АПРЕЛЬ. ХУЫЦАУБОН**

18.00 — «Агония». Телекиноныв. 18.25 — Реклæмæ. Хъусынгæнинæгтæ. 18.30 — Уырыссаг музыкæйы концерт. 18.50 — «А-ло-лай». Аргъау. 19.05 — Хъусын кæны ЦИАССР-йы Мидхъуыддæгты министрад. 19.15 — Ирыстон абон. 20.00 — ЦТ. «Хæрзæхсæв, сабитæ». 20.15 — Уæлахиз 45 азы бонмæ. «Дуне бахъахъхъенджытæ». 21.00 — ЦТ.

РАДИО

**БЫНÆТТОН ПРОГРАММÆ 13 АПРЕЛЬ. МАЙРÆМБОН**

7.30, 8.25 — Дæ райсом хорз, Ирыстон. 8.40 — Ныхас. Поэт, драматург, критик Дзыккайты Шамил. 9.30 — Ирыстон абон. 10.00 — ЦТ. «Хæрзæхсæв, сабитæ». 10.15 — «Адæмон курдиатæ». Вокалон-инструментон ансамбль «Суадон». 11.00 — ЦТ. 12.00 — Ирыстон абон. 12.20 — Ирыстон æмæ Цæгат Кавказы хæххон - металлургон институты студенты театры спектакль. 13.15 — «Семейная драма». Цæгат Ирыстоны телеуынынады аивадон киноныв. 14.05 — «Адæмон курдиатæ». Вокалон-инструментон ансамбль «Суадон». 14.30 — Ирыстон абон. 15.00 — ЦТ. «Хæрзæхсæв, сабитæ». 15.15 — «Адæмон курдиатæ». Вокалон-инструментон ансамбль «Суадон». 16.00 — ЦТ. 17.00 — Ирыстон абон. 17.20 — Ирыстон æмæ Цæгат Кавказы хæххон - металлургон институты студенты театры спектакль. 18.15 — «Семейная драма». Цæгат Ирыстоны телеуынынады аивадон киноныв. 19.05 — «Адæмон курдиатæ». Вокалон-инструментон ансамбль «Суадон». 19.30 — Ирыстон абон. 20.00 — ЦТ. «Хæрзæхсæв, сабитæ». 20.15 — «Адæмон курдиатæ». Вокалон-инструментон ансамбль «Суадон». 21.00 — ЦТ.

**14 АПРЕЛЬ. САБАТ**

7.30, 8.25 — Дæ райсом хорз, Ирыстон. 8.40 — Ныхас. Поэт, драматург, критик Дзыккайты Шамил. 9.30 — Ирыстон абон. 10.00 — ЦТ. «Хæрзæхсæв, сабитæ». 10.15 — «Адæмон курдиатæ». Вокалон-инструментон ансамбль «Суадон». 11.00 — ЦТ. 12.00 — Ирыстон абон. 12.20 — Ирыстон æмæ Цæгат Кавказы хæххон - металлургон институты студенты театры спектакль. 13.15 — «Семейная драма». Цæгат Ирыстоны телеуынынады аивадон киноныв. 14.05 — «Адæмон курдиатæ». Вокалон-инструментон ансамбль «Суадон». 14.30 — Ирыстон абон. 15.00 — ЦТ. «Хæрзæхсæв, сабитæ». 15.15 — «Адæмон курдиатæ». Вокалон-инструментон ансамбль «Суадон». 16.00 — ЦТ. 17.00 — Ирыстон абон. 17.20 — Ирыстон æмæ Цæгат Кавказы хæххон - металлургон институты студенты театры спектакль. 18.15 — «Семейная драма». Цæгат Ирыстоны телеуынынады аивадон киноныв. 19.05 — «Адæмон курдиатæ». Вокалон-инструментон ансамбль «Суадон». 19.30 — Ирыстон абон. 20.00 — ЦТ. «Хæрзæхсæв, сабитæ». 20.15 — «Адæмон курдиатæ». Вокалон-инструментон ансамбль «Суадон». 21.00 — ЦТ.

ныл кодтой сæрзæды хæцыл.

**Наф** — хæдзарвæндаджы бардуаг. Стыр куывдтæ йын кодтой уалдзæджы.

**Ичъына** — бинонтæ фылдæр кæныны бардуаг. Куывдтæ йын кодтой, афæдзы дæргъы-ну кæуыл бафтыд, уыцы бинонтæ йæ боны.

**Ныхы дзуар** — къайады бардуаг. Чызджытæ дзы фæагурынц хорз мойаг. Чындздзонмæ-ну исчи куы фæмæсты, уæд карадæр æлгъыст уыд: «Фыдныхы дзуар фæхæсс!» Ома, дæ къайадæй мацы рауайæд.

**Мадымайрæм** — цот кæныны сылгоймаг-бардуаг. Курычц дзы, цæмæй ног чындзытæн цот рацæуа, аргæ-арын æнæфыдбылыз уой, æхсыр сæм уа.

**Нæлы дзуар** —тыртæ (лæппутæ) гуырынгæнæг бардуаг. Фæдфæдыл чызджытæ кæмæн фæгуыры, уыдон дзы фæкурынц лæппу. Чызг куы райгуыры, уæд та йын фæзæгъынц: «Дæ къах дзыкайы тылд фæуæд!»

**Аларды** — урс, сыгъзæрин Аларды — сывæллæтты низтæй хъахъхъæнæг бардуаг. Нæ фыдæлтæ йын йæ ном хъæрæй сдзурынæн дæр нымд кодтой, хъæр ныхас нæ фехъуыстаис йæ кумæлын, сæнкъуысын дæг абадт хæстонты сæрыл. Уым дæр фат нæ хъат, кард æй нæ карста.

**Удæвдз** — диссаджы уадында, йæхæдæг йæхи æгъдауæй алы зарджытæ чи кодта, ахæм (абоны магнитофоны миниатюркытæ). Куырдалæгон уыд Æхсар æмæ Æхсæртæджы номæвæрæг «Номæвæрæджы дæварæн Куырдалæгон радта Уæрхæгæн (ногуырдты фыдæн). удæвдз йæ куырдадзы фæтыгæй, болат æнцонай арæзт, — фыст йæ Нарты кадджыты. — Удæвдз нарт сæвæрдтой сæ фынгыл, æмæ сын кодта диссаджы зарæг уадындз хъæлæсæй;

«Айс æй, аназ æй,
хуыцауы
хæларæй,
Айс æй, аназ æй—
ронджы
нуазæн!»

**Ронг** — нæртон ноэт, тынг хæрзад æмæ карз.

**Ælутон** — цавæрдæр диссаджы хæрд, ноэт, йæ тыццыл бахæрдæй дæр адæймаджы стонг чи сæтты, йæ низтæ йын чи суры, йæ цæрæнбон ын фылдæр чи кæны, ахæм

**Буræмæдз** — цыдæр дисаджы сасым.

**Донбеттыр** — фурды æмæ денджызты бардуаг. Паддзахиуæг кæны доны бын. Базмæлын, сæнкъуысын фыццагкъæпхæнон Гулуты Маринæ 100 метрмæ згъорынæй уыдис фыццаг.

Фарæстæм профессион-техникон училищейы ахуырдзау Анжелæ Самканашвили бацахста дыккаг бынат.

## ФЫЦЦАГ БЫНАТ

Æрæджы Курскы ахицæн сты УСФСР-йы скъоладзауты зоналон ерыстæ хъæбысхæст дзюдойæ. 62 килограммы уæзы тыхджындæр разынд Æрхонкæйы станицæйы цæрæг, динамовон спорты мастер Виталий Крутоголов. 68 килограммы уæзы ма фыццаг бынат бацахста æрыгон динамовон Байцаты Хъазыбег. Фыццагкъæпхæнон Сергей Вишнивецкий (90 килограммы уæзы) бацахста дыккаг бынат. Спорты мастертæм кандидат Гæджынаты Чермен (57 килограммы) та — æртыккаг. Нæ уæзы ма æртыккаг бынатмæ рацыд горæт Орджоникидзейы æрыгæтты спортивон скъолайы ахуырдзау Багаты Хвича.

Ерысты фæуæлахиз Цæгат Ирыстоны скъоладзауты командæ. Дыккаг æмæ æртыккаг бынæтты сты Краснодары æмæ Стъараполы крайы командæтæ.

## НОГÆЙ ТА

Цалдæр азы Цæгат Кавказы æфсæддон зылды богæлттæ иугонд командæйæн æнтыстджынæй разамынд дæттыныц раздæры зынгонд богæлттæ, СССР Цæдисы сгуыхт тренер Гусаты Юрий æмæ УСФСР-йы сгуыхт тренер Зæнджиаты Дзантемыр. Уыдоны разамы н д æ й Цæгат Кавказы æфсæддон зылды командæ цалдæр хатты уыдис СССР Цæдисы Гæрзифтонг Тыхты чемпион. Æмæ та мæнæ ног уæлахиз. Ацы хатт Белоруссийы сæйраг торæт Минскы. Уым ацы бонты ахицæн Советон Æфсады æмæ бæстæйы Хæстон-Денджызон Флоты чемпионат уæгъдибар хъæбысхæстæй, фæуæлахиз Цæгат Кавказы æфсæддон зылды иугонд командæ, æмæ æртыккаг хатт райста СССР Цæдисы Хъахъхъæнынаты министрады Спортивон комитеты кубок æмæ фыццаг къæпхæны диплом. Дыккаг æмæ æртыккаг бынæттæм рацыдысты бæстæйы Уæлдæфон æрбабырстæй хъахъхъæныны æфсады æмæ Фæскавказы æфсæддон зылды командæтæ.

Нæ уацхæссæгæн ерысты сæйраг тæрхонгæнæг Зæнджиаты Дзантемыр куыд радзырдта, афтæмæй командæйы кад хъахъхъæдтой фараст богалæй. Се 'ппæт дæр сты Цæгат Ирыстоны уæгъдибар хъæбысхæсты скъолайы хъомылгæнинæгтæ. Ныртккæ æфсæддонтæ. Се 'ппæт дæр чемпионаты равдыстой сæ арæхстдзинæдтæ. Разæнгардæй тырныдтой уæлахизмæ. Æмæ дзы авдæн сæ къухты бафтыд æнтыстдзинад. Райстой майдантæ æмæ призон бынæттæ. Уыдонимæ сыгъзæрин майдантæ се 'муæзонты 'хсæн райстой спорты мастертæ Габеты Руслан, Гизойты Валерий, Цогойты Аслан æмæ дунеон къласы спорты мастер Челæхсаты Рустем. 82 килограммы уæзы Рустемимæ кæронбæттæны хæцыд спорты мастер Зыгъуытаты Владимир. Фембæлды рæстæг Владимир йæхи кæй ныццавта, уымæ гæсгæ йæ дохтыртæ нал бауагътой хъæбысхæст кæронмæ ахæццæ кæныл. Æмæ бацахста дыккаг бынат. 52 килограммы уæзы бронзæ майдан райста уæлахиздзау командæйы уæнг, спорты мастер Павел Молокоедов. Чемпионаты ма архайдтой æфсымæртæ-фаззæттæ Гулчиты Валерий æмæ Виталий. Валерий йæ хъарутæ æвзæрста 57 килограммы уæзы æмæ бацахста æртыккаг бынат. Виталий та 68 килограммы уæзы. Бахауд фонды тыхджындæр богалы номхыгъдмæ.

Г. ВАСИЛЬЧЕНКО.

**Ацы æрмæг у фæлварæны хуызæн. Хорз уыдаид, хæсты размæ нæ интеллигенци ирон адæмои сфелдыстад куы æмбырд кодта, дзыхæй-дзыхмæ æнусты сæрты кæмæ æрхæццæ, уыдон ма æгас куы уыдыста, уæд ирон мифологийы бардуæгты, зæдты, дауджыты, хъæбатырты, зинты æмæ дæлимонты миниуджыты, сгуыхтдзинæдты, фыдгæндты тыххæй цауты æмбырдгонд бацæттæ кæныи. Н. А. Куыы «Легенды и мифы древней Греции»-йы кæнæ «Мифологион дзырдуат»-ы хуызæн чиныг дзы саразын. Ныр зындæр у — бирæ цыдæртыл дзы бафтыд мæрдырох. Нæ куырыхон хистæртæ сæ ахастой семæ.**

**Фæлæ ма æбон дæр уæрæх дзыллæтæй бирæ цыдæртæ æмбæхст нс архивты, рагон чиныгуты, Абайты Васойы, Цыбырты Людвиджы, Владимир Кузнецовы æмæ æндæр ахуыргæндты куыстыты. Æрæмбырд, æрбаиу сæ кæи, наукон æгъдæуæй сыл бакус, æнцонæмбарæи æвзагæй фыстæй сæ рахæсс, уæд уый хорз лæвар уаид æрмæст ирон адæмæн нæ, фæлæ, фольклормæ, мифологимæ йе 'ргом чи здахы, уыдонæн се 'ппæтæн дæр.**

**Уым, кæй зæгъын æй хъæуы, стыр бынат æрцахсинкой Нарты, Даредзанты æмæ Цæрцнаты хъæбатыртæ дæр. Зæгъæм, зæххон уæвгæйæ, Батрадз Гераклау у бирдуаг дæр — хæсты бардуаг, Ацæмæз музыкæйы бардуаг, Сатана — бæгæны, Сырдон — фæндыр саразæг æмæ афтæ дарддæр.**

ЦГЪОИТЫ Хазби.

## БАРЫКИНЫ КОНЦЕРТТÆ

Дунеон æмæ Æппæтцæдисон конкурсты лауреат, зыидгонд зарæггæнæг æмæ композитор Александр Барыкин цалдæр боны уыдис горæт Мæздæджы аивадуарзджыты уазæг. Районы Культурæйы галуаны йын цы концерттæ уыд, уыдоныл æхсызгонæй сæмбæлдысты горæты æмæ æвваxс хъæуты сæдæгай фæллойгæнджытæ.

Аивадуарзджытæ сæ зынаргъ уазæгæн йæ концерттæ мидисджын программæйы тыххæй ракодтой særдиаг арфæтæ.

## ФÆСАРÆЙНАГ ÆВЗАГ

Æнæхъæн афæдзæй фылдæр С. М. Кировы номыл республикон наукон библиотекæйы фæсарæйнаг литературæйы хайады кусы фæсарæйнаг æвзæгтæ ахуыр кæныны къорд. Фæсарæйнаг æвзаг саxыр кæныи кæй фæнды, уыдон бæрны ис алыхуызон дзырдуæттæ. Уроктæ сын аразынц фæлтæрлджын ахуыргæнджытæ. Ахуырдзаутæн фадат ис магнитофоныл фыст фæсарæйнаг урокмæ байхъусынæн.

ФÆЗЫНД НОГ ЧИНЫГ

## ЗАРДЖЫТÆ ХЪÆБАТЫРТЫЛ

Чиныгуадзæн «Ир»-ы рацыд Фыдыбæстæйы Стыр хæсты хъæбатыртыл ирон зарджыты æмбырдгонд. Сарæзта йæ зындгонд композитор Хаханты Дудар, йæ нывгæнæг — Цæлларты Ф., редактор Голиаты А. Уый ирон дзыллæтæн у стыр лæвар. Æмæ йыл æхсызгонæй сæмбæлдысты.

Чиныг рафæлдахгæйæ цæстыты раз сыстынц Иры хъæбатырты ирд фæлгонцтæ: Плиты Иссæйы, Гагкайты Алиханы, Ботъоты Гæмæты æмæ бирæ æндæр хъæбатырты сурæттæ. Уыдонæн æнустæм цæрдзæн сæ рухс ном канд зарджыты нæ, фæлæ æгас Иры дзыллæты зæрдæты.

Зæгъын мæ фæнды уый, æмæ чиныджы тираж æгæр гыццыл кæй у. Уымæн æмæ уый хъуамæ уа алы ирон хæдзары дæр. Цæмæдæр гæсгæ, чиныгаразæг фæзивæг кодта зарджыты авторты бацамонын. Уый йæ цауддæр нæ, хуыздæр фæкодтаид. Æмткæй райсгæйæ, чиныг фæрæстмæ. Уæлахизы 45 азы агъоммæ зæрдиаг лæвар у ирон адæмæн.

БЫЗЫККАТЫ Земфирæ.

## РАДИО

**БЫНÆТТОН ПРОГРАММÆ 13 АПРЕЛЬ. МАЙРÆМБОН**

7.30, 8.25 — Дæ райсом хорз, Ирыстон! 8.55 — Республикон газеттыл афæлгæст. 15.30 — «Мах æвзарæм, мах æвзарынц». Фембæлд æрыгон депутаттимæ. 18.00 — Кцойты А. «Фыд æмæ фырт». Очерк. 18.20 — Концерт.

**14 АПРЕЛЬ. САБАТ**

7.30, 8.25 — Дæ райсом хорз, Ирыстон! 8.55 — Республикон газеттыл афæлгæст. 13.00 — Рацараэты фæндагыл. «Ну уыидыс хъуыддæттæ». 13.20 — Концерт фондзазоны раззагдæртæн. 13.50 — Хъусынгæнинæ æ г т æ, рекламæ. 15.15 — «Кавказы сæуæхсидтæ». Радиожурнал.

**15 АПРЕЛЬ. ХУЫЦАУБОН**

11.00 — Абон — Советон наукæйы бон. 11.50 — Хъусынгæнинæгтæ, рекламæ. 12.30 — Духовон культурæйы — ирон аргъуаны цыртдæвæны историон ахадындзинад. 13.00 — Нартхъты Г. «Файнустытæ». Хуссар Ирыстойы паддзахадон драмон театры спектакль. 14.13 — Æгъуызарты С. «Лирикон миниатюрæтæ». 14.35 — Адæмон музыкæйы концерт.

Редактор
ХЪЕСАТЫ В.

# Спорт

## РОГ АТЛЕТИКÆ

Цæдисон республикæты 62 командæйы æрцыдысты горæт Ессентукийы стадионмæ. Ам цыдысты æрыгæтты Æппæтцæдисон ерыстæ — «Уалдзыгон каникултæ» — рог атлетикæйæ. Нæ республикæйы командæйы уыдис 20 адæймаджы. Нæ разамонджытæ — тренертæ Хъороты Владимир æмæ Владимир Куликов. Командæйы уæнгтæ равдыстой хорз цæттæдзинад. Фыццагкъæпхæнон Иринæ Дружинина дæргъмæ агæпп кодта фонды метры æмæ 81 сантиметры. Бацахста фыццаг бынат. Тренер В. Куликовы хъомылгæнинаг фыццагкъæпхæнон Гулуты Маринæ 100 метрмæ згъорынæй уыдис фыццаг.

Фарæстæм профессион-техникон училищейы ахуырдзау Анжелæ Самканашвили бацахста дыккаг бынат.

## ФЫЦЦАГ БЫНАТ

Æрæджы Курскы ахицæн сты УСФСР-йы скъоладзауты зоналон ерыстæ хъæбысхæст дзюдойæ. 62 килограммы уæзы тыхджындæр разынд Æрхонкæйы станицæйы цæрæг, динамовон спорты мастер Виталий Крутоголов. 68 килограммы уæзы ма фыццаг бынат бацахста æрыгон динамовон Байцаты Хъазыбег. Фыццагкъæпхæнон Сергей Вишнивецкий (90 килограммы уæзы) бацахста дыккаг бынат. Спорты мастертæм кандидат Гæджынаты Чермен (57 килограммы) та — æртыккаг. Нæ уæзы ма æртыккаг бынатмæ рацыд горæт Орджоникидзейы æрыгæтты спортивон скъолайы ахуырдзау Багаты Хвича.

Ерысты фæуæлахиз Цæгат Ирыстоны скъоладзауты командæ. Дыккаг æмæ æртыккаг бынæттæ сты Краснодары æмæ Стъараполы крайы командæтæ.

## НОГÆЙ ТА

Цалдæр азы Цæгат Кавказы æфсæддон зылды богæлттæ иугонд командæйæн æнтыстдзинæдтæ разамынд дæттыныц раздæры зынгонд богæлттæ, СССР Цæдисы сгуыхт тренер Гусаты Юрий æмæ УСФСР-йы сгуыхт тренер Зæнджиаты Дзантемыр. Уыдоны разамы н д æ й Цæгат Кавказы æфсæддон зылды командæ цалдæр хатты уыдис СССР Цæдисы Гæрзифтонг Тыхты чемпион. Æмæ та мæнæ ног уæлахиз. Ацы хатт Белоруссийы сæйраг торæт Минскы. Уым ацы бонты ахицæн Советон Æфсады æмæ бæстæйы Хæстон-Денджызон Флоты чемпионат уæгъдибар хъæбысхæстæй, фæуæлахиз Цæгат Кавказы æфсæддон зылды иугонд командæ, æмæ æртыккаг хатт райста СССР Цæдисы Хъахъхъæныиаты министрады Спортивон комитеты кубок æмæ фыццаг къæпхæны диплом. Дыккаг æмæ æртыккаг бынæттæм рацыдысты бæстæйы Уæлдæфон æрбабырстæй хъахъхъæныны æфсады æмæ Фæскавказы æфсæддон зылды командæтæ.

Нæ уацхæссæгæн ерысты сæйраг тæрхонгæнæг Зæнджиаты Дзантемыр куыд радзырдта, афтæмæй командæйы кад хъахъхъæдтой фараст богалæй. Се 'ппæт дæр сты Цæгат Ирыстоны уæгъдибар хъæбысхæсты скъолайы хъомылгæнинæгтæ. Ныртккæ æфсæддонтæ. Се 'ппæт дæр чемпионаты равдыстой сæ арæхстдзинæдтæ. Разæнгардæй тырныдтой уæлахизмæ. Æмæ дзы авдæн сæ къухты бафтыд æнтыстдзинад. Райстой майдантæ æмæ призон бынæттæ. Уыдонимæ сыгъзæрин майдантæ се 'муæзонты 'хсæн райстой спорты мастертæ Габеты Руслан, Гизойты Валерий, Цогойты Аслан æмæ дунеон къласы спорты мастер Челæхсаты Рустем. 82 килограммы уæзы Рустемимæ кæронбæттæны хæцыд спорты мастер Зыгъуытаты Владимир. Фембæлды рæстæг Владимир йæхи кæй ныццавта, уымæ гæсгæ йæ дохтыртæ нал бауагътой хъæбысхæст кæронмæ ахæццæ кæныл. Æмæ бацахста дыккаг бынат. 52 килограммы уæзы бронзæ майдан райста уæлахиздзау командæйы уæнг, спорты мастер Павел Молокоедов. Чемпионаты ма архайдтой æфсымæртæ-фаззæттæ Гулчиты Валерий æмæ Виталий. Валерий йæ хъарутæ æвзæрста 57 килограммы уæзы æмæ бацахста æртыккаг бынат. Виталий та 68 килограммы уæзы. Бахауд фонды тыхджындæр богалы номхыгъдмæ.

Г. ВАСИЛЬЧЕНКО.

## «СОЦИАЛИСТИЧЕСКАЯ ОСЕТИЯ» МЫХУЫР КÆНЫ

Номыры мыхуыргонд æрцыд æрмæг ФÆЛКЦ-йы XXI съезды байгомы, Советтæм дыккаг хатт æвзæрстыты æмæ Ленинон зиумæ цæттæ кæныны, фæлгонцады æмæ цъæхфæлысты мæйоны тыххæй.

Газет мыхуыр кæны æрмæг горæт Орджоникидзейы фæллойгæнджыты митингæй ахæм сæргондимæ «Цæмæй æххæстгонд цæуой Закъоны домæнтæ» æмæ митинджы уынаффæ.

Коммунисты ахадындзинадыл ныхас рауад Рахизфарсы райфæлхасцæдисы парторганизацийы æмбырды.

Номыры — В. Зыгинайы статья, республикæйы спортивон æмæ культурон царды хабæрттæ, æндæр æрмæг.

362015 — ЦИАССР.
г. Орджоникидзе.
Тбилисы уынг, 98.
«Мыхуыры хæдзар»

Телефонтæ:

◆ Редактор — 5-46-36, 5-45-27.
◆ Ред. хæдивджытæ — 5-55-89, 5-35-87.
◆ Бæрнон секретарь — 5-44-37.
◆ Бæрнон сек. хæдивджытæ — 5-46-39.

ХАЙÆДТÆ:

◆ Партион-идеологон куыст — 5-54-36, 5-35-88.
◆ Советон куыст æмæ барад — 5-44-19, 5-35-88.
◆ Индустрион-экономикон — 5-45-31.
◆ Агропромышленнон — 5-37-97, 5-45-16.
◆ Культурæ, ахуырад, наукæ — 5-53-74, 5-44-33.
◆ Спорт, информацi — 5-35-92, 5-53-72.
◆ Писмоты, социалон рæзт — 5-44-57 5-63-19.
◆ Къамисæг, нывгæнæг — 5-56-50.
◆ Тæлмацгæнæг — 5-63-19.
◆ Корректортæ — 5-67-03.
◆ Изæрон редакци — 5-35-71.
◆ Бухгалтери — 5-36-68.

Газет цæуы афæдз
250 хатты, къуыри та—
фондз хатты.
Индекс — 53901.
1

ЕИ 00881.
Бæрзонд мыхуыр.
1,86 мыхуырон сыфы.
Тираж — 23.500
Заказ 206.

СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы рауагъдады типографи.
362015, г. Орджоникидзе, Тбилисы уынг, 98.